

**NeMutungamiri
Henry B. Eyring**
Mutevedzeri Wekutanga
muHutungamiri Hwekutanga



Mhuri neShamwari Dzekusingaperi

Kupi nekupi zvako kwaunogara, uneshamwari dzirikutsvaga rufaro rukuru-kuru rwawakawana mukararama vhangeri rakadzorerwa raJesu Kristu. Vangangova vasingakwanise kutsanangura rufaro irworwu mumazwi, asi vanokwanisa kurwuziva apo pavanorwuona muupenyu hwako. Vanozodisisa kuziva kunobva rufaro irworwo. kunyanya apo pavanoona kuti unosangana nematambudziko sezvavanongoitawo.

Wakanzwa rufaro apo pawakachengeta mirairo ya-Mwari. Ndiro ropafadzo rinovimbiswa (kwaUri) rekurarama mumaererano nevhangeri (ona Mosaya 2:41). Hauteerere zvakatendeka mirairo yaIshe kuitira kuti uonekwe nevamwe vanhu, asi avo vanoona rufaro rwako vari kugadzirirwa naIshe kuti vanzwe nhau dzakanaka dzeKudzorerwa kwevhangeri.

Maropafadzo awakapihwa akakuitira sungiro nemi-kana inoshamisa. Nokuti uri mudzidzi akaita chisungo naJesu Kristu, unosungirwa kupa kune vamwe mukana wekuwana rufaro rwakawedzerwa, kunyanya kushamwari dzako nenhengo dzemhuri yako.

Ishe vakaona mukana wako uye vakatsanangura sungiro yako nemurairo uyu: “Zviri kumunhu wose aya-mbirwa kuti ayambire muvakidzani wake” (D&Z 88:81).

Ishe vanoita kuti murairo iwoyo uvenyore kuuteerera kuburikidza neshanduko inoitika mumwoyo mako apo paunogashira nekurarama vhangeri raJesu Kristu. Nokudaro, rudo rwako kune vamwe rwunokura, uyewo nechido chako chekuti vave nerufaro rwumwecheterwo rwawakawana.

Mumwe muenzaniso weshanduko iyoyo ndewemagashiro aunoita mukana wekubatsira mubasa reushumiri raIshe. Vashumiri vazere vanokurumidza kuziva kuti vanokwanisa kutarisira kugashira kubva kumunhu akatendeutswa zvechokwadi mhinduro yakanaka, inechido apo pavano mukumbira zita remunhu wekudzidzisa vhangeri. Mutendeuki anoda chaizvo kuti shamwari nenhengo dzemhuri dziwanewo rufaro rwake.

Apo mutungamiri wewadhi yako kana vashumiri pavanokukumbira mazita emunhu wekudzidzisa, irumbidzo huru kwaUri. Vanoziva kuti shamwari dzakaona rufaro rwako uye, naizvozvo, shamwari idzodzo dzakagadzirirwa kunzwa nekusarudza kugashira vhangeri. Uye vane vimbo yekuti uchava shamwari yavachada apo pavanouya muumambo.

Haufanire kutya kuti ucharasikirwa neshamwari nekuda kwekukoka vashumiri kuti vasangane navo. Ndineshamwari dzakaramba vashumiri asi dzakanditenda kwemakore mazhinji nekuvapa chimwe chinhu chavaziva kuti chakanga chakakoshesesa kwandiri. Unokwanisa kuita shamwari dzekusingaperi nekuvapa vhangeri, iro ravanoona kuti rakakuunzira rufaro. Usazombodarikirwa nemukana wekukoka shamwari uye kunyanya nhengo yemhuri kuti isarudze kutevera chirongwa cherufaro.

Hakuna mukana mukuru wekukoka ikoko unopfura mukana wekuitira zvisungo mumatemberi eChechi. Imomo Ishe vanokwanisa kupa zvisungo zveruponeso kumadzitateguru edu avo vasina kukwanisa kuzvitambira muupenyu. Vanotarisa kwaUri kubva kudenga

nerudo netariro. Ishe vakavimbisa kuti vanozova nemu- kana wekuuya muumambo Hwavo (ona D&Z 137:7–8), uye Vakadyara rudo kwavari mumwoyo mako.

Vazhinji venyu vakanzwa rufaro mukupa zvisungo zvemutemberi kune vamwe, semanzwiro aunoita apo paunopa mazita evanhu vekuti vashumiri vasangane navo. Wakanzwa rufaro rwakakurisa apo pawakaita zvisungo zvemadzitateguru ako. Zvakazarurwa kumu- porofita Joseph Smith kuti rufaro rwedu rwekusingaperi rwunokwanisika chete kana tikapa nzira yekuropafadzo iroro kumadzitateguru edu kuburikidza nezvisungo zve- temberu zvekuitirwa nemumwe (ona D&Z 128:18).

Nguva yeKisimusi inopindurira mwoyo yedu kuMu- ponesi nekurufaro rwakaunzwa kwatiri nevhangeri Rake. Tinoratidza kutenda kwedu kwaAri zvakanakisisa apo patinopa rufaro urwu kune vamwe. Kutenda kunopindu- rwa kuitwa rufaro apo patinopa mazita kuvashumiri uye apo patinoenda nemazita emadzitateguru edu kutemberi. Umboo ihwohwo hwekutenda kwedu hunokwanisa kuita shamwari nemhuri dzinogara nekusingaperi.

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Mutungamiri Eyring vanotsanangura kuti tinokwanisa kuratidza kutenda kwedu kuMuponesi nekugoverana vhangeri nevamwe. Unokwanisa kukurukura neavo vamunodzidzisa kuti chipo chevhangeri chakaropafadza upenyu hwavo sei. Funga kuvakoka kuti vadome nemu- namato avo vavanoda kugoverana navo chipo chevha- ngeri uye kuti vangazviita sei.

VANA

Govera Uchapupu Hwako

U nokwanisa kugovera chipo chevhangeri Kisimusi ino nekupa shamwari kana muvakidzani Bhuku ra- Mormoni rakanyorwa uchapupu hwako mukati. Tevera nhano idzi kuti urigadzirire:

1. Pachidimbu chebepa, yera rekitengura ingaita ma- injizi 4½ x 6½ (11½ x 16½ cm) uye ita kuti munhu mukuru akubatsire kucheka shepu iyoyo.

2. Isa mufananidzo wako—wekudhirowa kana foto— pamusoro pepeji.
3. Nyora uchapupu hwako pasi pemufananidzo wako.
4. Ita kuti munhu mukuru akubatsire kunamira bepa racho mukati mekavha yeBhuku raMormoni.

VECHIDIKI

Ndingakwanise Kugovera Bhuku raMormoni Here?

NaJosh Arnett

M unguva yegore rangu rekutanga kuchikoro chese- kondari, mudzidzisi wangu weseminari akakoka kirasi yangu kuti ipe maBhuku aMormoni kushamwari dzisiri nhengo. Kunyange ndakanga ndichinyara zvi- kuru, ndakagashira kukokwa uku.

Zvakanditorera mazuva maviri kuti ndive neushingi, asi pekupedzisira ndakapa shamwari yangu Britny bhuku racho panguva yekudya kwamasikati uye ndikapupura uchapupu hupfupi. Britny akanditenda nebhuku iri.

Pakupera kwegore iroro rechikoro, Britny akatama, asi takaramba tichitaudzana. Akanditaurira nezvechi- koro chake chitsva uye kuti shamwari dzake zhinji dza- kanga dziri nhengo dheChechi, asi hana kumbotaura neni pamusoro pechinhu chipi zvacho chezvemweya.

Izvozvo zvakashanduka ndisati ndasimuka kuenda kuushumiri hwangu. Ndakagashira shoko kubva kuna Britny achiti akanga aine nhau huru dzekundiudza: aka- nga achizobhabhatidzwa, uye aida kunditenda nekuva shamwari yake uye nekumisa muenzaniso wakanaka.

Mwari vakatora mukomana anonyara anemakore gumi nemashanu aiva asina ruzivo rweushumiri uye va- kamutungamirira kuti agovere vhangeri kune mumwe munhu waVaiziva kuti aizorigamuchira. Ndinoziva kuti nekuteerera kuMweya, tose tinokwanisa kuwana vanhu padyo nesu vakamirira kudzidza pamusoro pevhangeri rakadzorerwa. Ndinoziva kuti kana tikabatsira kuu- nza kuna Ishe kunyange munhu muwechete, “kufara [kwedu] kungave kukuru zvakadii muumambo hwa- Baba [vedu]!” (D&Z 18:15).

Munyori wenyaya anogara muWashington, USA.



Basa Dzvene raJesu Kristu: Mwanakomana Mumwechete Akaberekwa

Nemunamato dzidza chinyorwa chino uye wotsvaga kuziva izvo zvekugovera. Kunzwisisa upenyu nebasa reMuponesi zvinowedzera sei rutendo rwako maAri nekuropafadza avo vaunotaririra kuburikidza nedzidziso yekushanyirana? Kuwana rumwe ruzivo, enda kureliefocietylds.org.

**Ruvimbo • Mhuri
• Rubatsiro**

Ichi chikamu chezvitevedzano zve-zvinyorwa zveMashoko eDzidziso dheKushanyirana zvinopa zvimwe zvikamu zvebasa reMuponesi.

Muponesi wedu, Jesu Kristu, anozvi Mwanakomana Mumwechete Akaberekwa nokuti Ndiye chete munhu pasi akazvarwa kuna amai vanofa naBaba vasingafe. Akawana masimba matsvene kubva kuna Mwari, Baba Vake. Kubva kuna amai Vake, Maria, Akawana muviri unofa uye aizosangana nekunzwa nzara, nyota, kuneta, kurwadziwa, nerufu.¹

Nokuti Jesu Kristu ndiye Mumwechete Akaberekwa waBaba, Akakwanisa kupa upenyu Hwake uye Akahutora zvakare. Magwaro matsvene anodzidzisa kuti, “nerudzikinuro rwaKristu,” isu “tinowana kumuka kuvakafa” (Jakobho 4:11). Tinodzidzawo kuti vose “vanogona kuzomutsa mukusafa kuupenyu hwokusingaperi” kana “tikadaira” (D&Z 29:43).

Apo patinosvika pakunzwisisa zvakanatsozara zvazvinoreva kuna Jesu Kristu kuva Mwanakomana Mumwechete Akaberekwa waBaba, rutendo rwedu munaKristu rwunozowedzera. Gosa

D. Todd Christofferson veChikwata cheVaapostora Gumi neVaviri vakati, “Rutendo munaJesu Kristu kutenda kwakasimba nevimbiso (1) yechigaro Chake seMwanakomana Mumwechete Akaberekwa waMwari, (2) Rudzikinuro Rwake rwekusingaperi, uye (3) Kumuka Kuvakafa Kwake kwechokwadi.”² Maporofita amazuva ano vakapupura kuti: “[Jesu Kristu] ndiye . . . Mwanakomana Mumwechete Akaberekwa munyama, Mununuri wenyika.”³

Kubva muMagwaro Matsvene

Johane 3:16; Dzidziso neZvibvumirano 20:21–24; Mosesi 5:6–9

Kubva muNhorondo Yedu

MuTestamente Itsva tinoverenga nezvemadzimai, vamwe vane mazita atinodziva, nevamwe vatisingazive, vakaratidza rutendo munaJesu Kristu, vakadzidza nekurarama dzidziso Dzake, uye vakapupura nezve ushumiri Hwake, zvishamiso, nehukuru Hwake. Madzimai aya akava mienzaniso yakanakisisa yevadzidzi uye nezvapupu zvinokosha mubasa reruponeso.

Semuenzaniso, Marita akapupura uchapupu hwakasimba hweutsvene hweMuponesi apo paakati kwaAri, “ndakatenda kuti ndimiKristu, Mwanakomana waMwari, uyo wainzi anouya panyika” (Johane 11:27).

Zvimwe zvapupu zvekutangisisa zveutsvene hwaKristu zvakanga zviri amai Vake, Maria, nehama yavo Erisabete. Chinguva chidiki mushure mekunge ngirozi Gabriel yashanyira Maria, akashanyira Erisabete. Apo Erisabete paakangonzwa kukwazisa kwaMaria, “akazadzwa neMweya Mutsvene” (Luke 1:41) uye akapupura kuti Maria aizova amai kuMwanakomana waMwari.

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Ona *Misimbotei yeVhangeri* (2009), 52–53.
2. D. Todd Christofferson, “Building Faith in Christ,” *Liahona*, Gunyana 2012, 13.
3. “The Living Christ: The Testimony of the Apostles,” *Liahona*, Kubvumbi 2000, 2–3.

Chii Chandingaite?

1. Sei zvakanosha kwandiri kuti ndinzwisisa mabasa aJesu Kristu?
2. Rutendo rwedu rwungakura sei apo patinochengeta zvibvumirano zvedu?